

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina pangajaran basa Sunda di sakola, ditepikeun opat aspék kaparigelan basa nya éta; kaparigelan nulis, kaparigelan maca, kaparigelan ngaregepkeun, jeung kaparigelan nyarita. Ngawasa kana opat kaparigelan nu diajarkeun téh mangrupa kaparigelan dasar anu digunakeun minangka modal pikeun kamekaran diri siswa dina ngalakonan pendidikan ka sakola anu leuwih luhur jeung bisa dipaké pikeun bekel ancrub ka masarakat, sabab komunikasi teu ngan saukur dilakukeun ku basa lisan, tapi dilakukeun ku basa tulisan (Larasakti, 2019, kc.342).

Nurutkeun Dalman (2016, kc. 3), nulis mangrupa hiji kagiatan komunikasi dina nepikeun pesen atawa informasi sacara tinulis ka batur jeung ngagunakeun basa tulis minangka pakakas atawa médiana. Kaparigelan nulis nu sipatna aktif jeung produktif téh sangkan bisa tuluy diajar ogé ngamekarkeun poténsi dina nulis. Ieu hal disababkeun kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan dina nyarungsum kekecapan pikeun ngaéksprésikeun, ngébréhkeun, nepikeun pikiran, gagasan, jeung pangrasana.

Nurutkeun Suyono (2014, kc. 183), nulis téh nyaéta prosés ngedalkeun pamikiran, ngolah pamikiran, jeung ngajéntrékeun pamikiran-pamikiran jadi tulisan anu pinuh ku informasi, beunghar ku pamikiran, jeung solusi tina pasualan-pasualan anu bisa diidentifikasi ku anu nulisna. Nurutkeun Rahman (2020, kc.66), nulis mangrupa salasihiji runtuyan kaparigelan dasar anu kudu dikawasa siswa, sabab dina ngawasa nulis siswa, bakal ngawasa heula kaparigelan maca jeung ngaregepkeun. Ku kituna, kaparigelan nulis jadi hal anu kacida pentingna pikeun siswa, ku sabab kaparigelan nulis mineng aya dina unggal kagiatan (Rahman, 2018, kc. 1).

Dina pangajaran basa Sunda ogé tangtu miboga tujuan sangkan bisa nyieun siswa jadi kréatif ogé rancagé dina ngagunakeun basa Sunda, boh éta dina wangun lisan ogé tulisan. Ku kituna, kaparigelan basa hususna nulis téh tangtu penting pisan diajarkeun dina pangajaran basa Sunda di sakola. Pembelajaran berbasis

téks biografi téh mampuh ngalatih siswa dina nyieun biografi inohong-inohong nu dipikaresep ku siswa. Kamampuh siswa dina nulis téks biografi minangka salasihiji kamampuh nu paling hésé sarta silih pakait jeung kamampuh basa nu séjén (Dwinita, 2019, kc. 14).

Kegiatan nulis téks biografi mineng dianggap minangka kegiatan anu pikaboseun. Ieu hal katitén tina sikep siswa anu katinggali teu antusias nalika ilubiung dina pangajaran nulis téks biografi di SMA (Kusmayanti, 2019, kc. 180). Kitu ogé, nu karandapan di SMA Negeri 19 Bandung. Pangajaran basa Sunda dianggap hésé, ku sabab loba faktor nu mangaruhan kana prosés diajar. Salasihiji faktorna nyaéta lingkungan siswa anu tara ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoéna, antukna nalika guru nepikeun matéri, basa anu dipakéna basa Indonésia sangkan matériana bisa kacangkem ku siswa. Ku kituna, nalika aya kegiatan nulis maké basa Sunda, kosa kata anu dipiboga ku siswa henteu loba.

Dina pangajaran basa Sunda di sakola, nulis mangrupa kaparigelan basa anu ngawengku sababaraha kompetensi dasar. Salasihiji kompetensi dasar nulis téks biografi di SMA/SMK kelas XI. Ieu hal dipedar dina Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SMA/SMK/MA/MAK Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017, K.D 4.6 *Menulis teks biografi sederhana dengan memperhatikan struktur dan penggunaan kaidah bahasa* (Prov Jabar, 2017, kc. 38).

Dina lumangsungna kegiatan diajar-ngajar, guru salaku pamingpin miboga peran pikeun mangaruhan préstasi diajar siswa. Katitén yén prosés diajar nu dilakukeun ku guru téh masih kénéh dina métode ceramah, guru ngan sakali dua kali ngalakukeun interaksi tanya jawab jeung siswa nu antukna siswa kurang aktif jeung teu kairut kana matéri pangajaran nu ngabalukarkeun siswa kurang ngawasa kana matéri nu geus diajarkeun. Ku kituna, dipikabutuh cara mikir anu kréatif jeung inovatif ti guru sangkan bisa ngawujudkeun peran jeung fungsina sacara éféktif nu bisa méré pangaruh hadé ka siswa pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Anapon tarékah nu bisa dilaksanakeun ku guru pikeun ngungkulan masalah nu karandapan ku siswa dina diajar nulis téks biografi nyaéta ngagunakeun métode atawa modél pangajaran, salasihijina modél pangajaran *Snowball Throwing*.

Nurutkeun Setyaningsih & Rezkita (2019, kc. 201), modél pangajaran *Snowball Throwing* mangrupa pangajaran anu maké bal kertas salaku média siswa pikeun nepikeun pangaweruh ogé pamadeganna. Ieu modél pangajaran dilaksanakeun sacara kelompok, nu antukna siswa bisa patukeur informasi matéri nu dipikaharti. Suprijono (dina Agustina, 2017, kc. 530), nétélakeun yén modél pangajaran *Snowball Throwing* nyaéta modél pangajaran nu nekenkeun kana interaksi antar siswa nu magrupa patalékan, pamadegan, atawa kamandang séjén malah sangahan nu diadumaniskeun jeung kaulinan ngalung kertas nu eusina patalékan.

Antukna, modél *Snowball Throwing* dipiharep bisa ngamotivasi siswa pikeun nepikeun gagasan nu antukna siswa bisa nyindekeun pangaweruh nu tadina saeutik jadi loba (Saeffudin dina Agustina, 2017, kc. 530). Salian ti éta, nurutkeun Pariana (dina Agustina, 2017, kc.530), modél pangajaran *Snowball Throwing* bisa digunakeun pikeun méré konsép pamahaman matéri anu hésé ka siswa sarta bisa digunakeun salaku kasadaran sajarah mana siswa ngawasa kana matéri nu geus ditepikeun.

Aya sababaraha panalungtikan dina wangun skripsi anu nalungtik ngeunaan modél pangajaran *Snowball Throwing*, kurangna pamahaman kana matéri téks biografi, jeung sajabana. Sawatara conto skripsi meunang Ahmadiyah (2016), anu judulna “Modél Pangajaran *Snowball Throwing* Pikeun ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajaran 2015/2016)” anu medar ngeunaan éféktivitas ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing* anu dilarapkeun kana pangajaran nulis Sisindiran.

Satuluyna panalungtikan nu dilakukeun ku Milka Rahmaty Septiani Kosim (2019), anu judulna “Modél *Examples Non Examples* Pikeun ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2018/2019), anu hasil panalungtikanna dina nulis téks biografi saméméh dibéré *treatment* masih kagolong can mampuh, katitén dina hasil rata-rata *pretest* nya éta (60,5). Tuluy, sanggeus dibéré *treatment*, katitén hasil rata-rata *posttest* nya éta (86,53), ieu nilai kaasup kana

katégori anu mampuh. Nilik kana hasil *pretest* jeung *posttest* aya karonjatan anu signifikan tina 60,5 jadi 86,53 kalawan KKM 75.

Panalungtikan anu dilakukeun ku Yanti Kusmayanti (2019), nu miboga judul “Pembelajaran Menulis Teks Biografi dengan Media Film pada Siswa SMA Merdeka Soreang Kelas X IPA”. Dina hasil panalungtikanna, saméméh dilakukeun *treatment*, nilai rata-rata siswa nya éta 61,73 hartina kamampuh siswa dina nulis téks biografi téh masih kurang. Sanggeus dilakukeun *treatment* ngagunakeun media Film, nilai rata-rata siswa nya éta 84,53 hartina kamampuh siswa sanggeus dilakukeun *treatment* dina nulis téks biografi hadé.

Sasaruaan dina panalungtikan nu dilakukeun ku Ahmadiyah téh nya éta modél pangajaran anu dipakéna nya éta modél *Snowball Throwing*. Hal anu ngabédakeunna nyaéta larapna éta modél téh kana matéri sisindiran. Panalungtikan anu dilakukeun ku Rahmaty nya éta ngalarapkeun modél *Examples Non Examples* kana matéri téks biografi. Sedengkeun panalungtikan anu dilakukeun ku Kusmayani nya étangalarapkeun hiji média film pikeun dilarapkeun kana matéri téks biografi.

Nurutkeun kana hasil panalungtikan saméméhna, kapanggih nilai rata-rata nu signifikan antara hasil *pretest* jeung hasil *posttest* dina kamampuh siswa siswa saméméh jeung sanggeus dibéré *treatment*. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta ieu panalungtikan ngalarapkeun modél pangajaran *Snowball Throwing* dina pangajaran nulis téks biografi.

Dina lumangsungna pangajaran nulis téks biografi, sangkan matéri bisa kacangkem ku siswa kalawan hasil anu hadé, kudu ayana stratégi dina nepikeun pangajaranna ka siswa. Modél pangajaran *Snowball Throwing* téh minangka stratégi anu cocog pikeun ngungkulan pasualan anu karandapan ku siswa dina diajar nulis téks biografi.

Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan miboga judul “Modél Pangajaran *Snowball Throwing* dina Pangajaran Nulis Téks Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2021/2022)”. Ieu panalungtikan dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa nulis téks biografi, nalika maké modél *Snowball Throwing*. Siswa dijieun kelompok anu satuluyna diskusi ngeunaan téks biografi sarta nyieun patalékan anu ditulis dina

kertas. Kertas anu eusina patalékan téh diubah jadi wangun saperti bal salju, tuluy dialungkeun ka unggal kelompok pikeun dijawab. Kelompok anu geus meunang kertas patalékan, diskusi jawaban anu baris ditepikeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidentifikasi pikeun ditalungtik, nyaéta

- a. Siswa masih kénéh can bisa ngaidéntifikasi bentuk, struktur, jeung eusi téks narasi ngeunaan biografi nu luyu jeung struktur téks sarta unsur kabahasaan; jeung
- b. Modél pangajaran anu can bisa dilarapkeun ku guru sacara konvénisional nu ngabaluarkeun pangajaran nulis téks biografi kurang ngirut pikeun siswa, anu matak ngurangan karep siswa kana diajar nulis téks biografi, ogé mangaruhan kana udagan atawa kahontalna tujuan pangajaran nu dipiharep.

Dumasar kana idéntifikasi di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah dihandap:

- a. Kumaha kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung taun ajaran 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*?
- b. Kumaha kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung taun ajaran 2021/2022 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung taun ajaran 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji cocog atawa henteuna modél pangajaran *Snowball Throwing* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biografi.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana permasalahan anu dirumuskeun di luhur, tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung taun ajaran 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*;
- b. Kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung taun ajaran 2021/2022 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*; jeung
- c. Béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung taun ajaran 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran, hususna modél *Snowball Throwing* anu digunakeun dina pangajaran nulis téks biografi di SMA kelas XI.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun guru, nambahan pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu bisa digunakeun luyu jeung matéri ajar, hususna pangajaran nulis téks biografi. Tujuanna sangkan bisa ngaronjatkeun tingkat kréativitas guru nalika ngajar di sakola.
- b. Pikeun siswa, bisa kairut jeung mekarkeun motivasi kaaktifan sarta bisa ngaronjatkeun prosés ogé hasil diajar hususna dina pangajaran nulis téks biografi.
- c. Pikeun nu nalungtik, nambahan motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngararancang sarta ngamanfaatkeun modél pangajaran nu aya salaku alat pikeun ngamekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana pangajaran anu matak ngirut.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi.

BAB I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, anu ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél *Snowball Throwing*, nulis, téks biografi, jeung modél *Snowball Throwing* dina pangajaran nulis téks biografi. Salian ti éta, BAB II téh medar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Méthode Panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan, anu ngawengku kamampuh nulis téks biografi siswa saméméh ngagunakeun modél *Snowball Throwing*, kamampuh nulis téks biografi siswa sanggeus ngagunakeun modél *Snowball Throwing*, bébédaan anu signifikan kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung Taun ajaran 2021/2022 antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Snowball Throwing*.

BAB V Kacindekan, anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pamaca.